
# नेनाक बाइबिल

*प्रस्तुति*

# यशायाह, भविष्यक देखैत छथि



*लेखक*: Edward Hughes

*सचित्र द्वारा*: Jonathan Hay

*रूपान्तरित*: Mary-Anne S.


*अनुवाद*: Ashish Paul


*तैयार भेल*: Bible for Children
www.M1914.org


©2024 Bible for Children, Inc.
License: You have the right to copy or print this story, as long as you do not sell it.





यशायाह एक भविष्यवक्ता (नबी) छलाह। हुनक काज छनि लोकक वैह बताबि जे परमेश्वर हुनका बतएबाक लेल बाएजने छथि।




लोक सदखिन परमेश्वरक वचनक नहि सुनअ चाहैत छथि, मुदा यशायाह कहियो परमेश्वरक आज्ञाक  नहि ठूकरौलिन - अंऽ नहि कहियो हुनका निचाँ कएलिन। यशायाह अलग, अलग चारि राजाक काल में प्रचार करलखिंन्ह।
हिजिकिय्याह
योताम
आहाज
उजिय्याह
3
राजा उजिय्याह यरूशलेम नगर सँ यहूदाक उपर राज कएलिन। आरंभ में परमेश्वर उजिय्याहक आशीष देलिन किएक तऽ जे परमेश्वरक नजरि में उचित छल वैह ओ करैत छलाह। मुदा कालान्तर में उजिय्याह घमंडी भऽ गेलाह आओर परमेश्वरक आज्ञाक माननाई छोड़ि देलखिंन्ह। एहि कारणें ओ कोढ़ी भऽ गेलाह अऽ अपन मरैत काल घरि कोढ़ी रहलाह।
4
राजा उजिय्याह लगभग साठ बरख घरि राज कएलाएथि। अऽ जहन हुनक मृत्यु भऽ गेलिन, हुनक पुत योताम हुनक स्थान पऽ राजा बनि गेलाह अऽ ओ सतरह बरख घरि राज कएलिन। परमेश्वर हुनका आशीष देलिन किएक तऽ ओ वैह करैत छलाह जे परमेश्वरक आदेश हुनका लग यशायाह भविष्यवक्ताक द्वारा बऽ आन भविष्यवक्ता द्वारा आबैत रहिन।
ZZIAH
5
राजा योतामक पुत आहाज रहैथि। आहाज बीस बरखक रहैथि जहन ओ राज कएनाई शुरू कएने छलाह आओर ओ सोलह बरख घरि यरूशलेम में राज कएलिन। आहाज परमेश्वरक परवाह नहि करैत छलाह। ओ झूठा परमेश्वर आओर मूर्तिक पूजा करैत छलाह आओर परमेश्वरक बहुत लोकक मूर्तिक पूजाक दिस भरमा कऽ लऽ गेलिन।
6
दोसर राजा हिजिकिय्याहक परमेश्वर आशीष देलिन किएक तऽ ओ सभटा मूर्ति अऽ झूठा परमेश्वरक अपन राज सँ हटा देलिन, आओर सच्चा परमेश्वर सँ प्रार्थना कएलिन। जहन एक दुश्मन सेना यहूदा पऽ आक्रमण कएलिन, तऽ हिजिकिय्याह एहि बातक जानैत रहैथि जे हुनक सेना बड़ कमजोर छनि अऽ ओ युद्धक जीत नहि सकैत छथि, ओ यशायाह सँ निवेदन कएलिन जे ओ परमेश्वरक सहायताक लेल प्रार्थना करैथि।
7
यशायाह ई समादक राजाक लग पठावा देलिन, परमेश्वर कहैत छथि जे नहि डेराऊँ ई सेना अहाँक किछु नहि कऽ सकैत अछि, हम हुनका सभक खसा देबिन अऽ तुरन्त बाद दुश्मन सेना हिजिकिय्याह सँ बिनु लड़नाईए वापस भऽ गेल।
8



हलांकि हुनक आस
पासक लौक सभ
परमेश्वरक प्रति
बेसी नहि सोचैत
रहैथि, मुदा यशायाह
हुनका विषय
मैं बहुत सोचैत
छलाह।
9



एक रोज ओ एकटा
दर्शन देखलिन ई
एकटा सपनाक
जकाँ छल
जहन अहाँ पूरा
सूतल नहि
रहैत छी।
यशायाह अपन दर्शन
में देखलिन जे
परमेश्वर कतैक
महिमा सँ भरल अऽ
पवित्र परमेश्वर छथि।
10



परमेश्वर दर्शन में कहलिन
किनका हम पठाएब ,“ यशायाह
उत्तर देलिन हे प्रभु हमरा पठाऊँ
हम एहिठाम छी ओ परमेश्वरक
लेल सभ किछु करबाक ईच्छा
राखैत छथि अऽ जतो ओ
पठौताह ओ ओतो जएबाक
लेल तैयार छथि।
11


शायद यशायाह ई सोचने होयत जे परमेश्वर हुनका दूर देश में
पठौथिंन्ह जतो लोक परमेश्वरक विषयें में नहि जानैत
होयत। लेकिन नहि परमेश्वर एहेन नहि कएलिन।
परमेश्वर यशायाह सँ कहलिन अपन लोक सँ अपन
देश में कथा करू। हुनका ई बतयबाक रहिन जे
परमेश्वर अहाँ सँ
नाराज छथि।
12


आओरो दोसर सभ बातक यशायाहक अपन लोक सभ सँ
कहबाक रहिन, बड़ अदभुत बात सभक, ओ एक गोटेक विषय
में बताबअ वला छथि ओ एक बड़ मजगूत छोड़ाबय वला,
आओर अपन लोकक बचाबय, वला आओर हुनका, हुनक
दुश्मन सँ अऽ पाप
सँ बचाबय बला
होयताह।
13



यहूदी लोक एहि मनुख कऽ ‘‘मशायाह‘‘ कहैत छथि। ओ सभ
‘‘मशायाहक‘‘ भेजबाक आशा राखैत छलाह, अऽ बहुत लोक
एहनो छलाह जे ई विश्वास कऽ कऽ जीवित रहैथि जो
‘‘मशायाह‘‘ कहियो नहि आबत।
14



जतैक बातक यशायाह,
मशायाहक विषय में
कहलिन ओ
हुनक पोथी
में लिखल अछि।
हलांकि ई सभ बात
सकड़ों बरख पहिने
लिखल गेल छल,
जतैक बातक
यशायाह मशायाहक
विषय में बाएजने
छथि ओ सभ सत्
होयत।
15


“यशायाह कहलिन जे परमेश्वर स्वयं
एकटा चिंन्ह देताह। ओ कहलिन,
सुनू एक कुमारी गर्भवती
होयतीह आओर
एकटा पुतक जनम देतीह
आओर हुनका इमानियूएल कहल
जएतिन” लोक सभ जानैत छलाह
जे यशायाह परमेश्वरक मशायाहक
विषय में बाएज रहल छथि
किएक तऽ एक स्त्री
कुमारी नहि भऽ सकैछ आओर नहि
ओ नेन्हाक जनम दऽ
सकैछ। आओर इमानियूएल
शब्दक अर्थ होयत अछि
परमेश्वर हमरा संग में छथि।
16


हमरा सभक लेल एकटा नेन्हा
जनम लेत, अऽ हमरा सभक
एकटा पुत देबल जाएत आओर
प्रभुता हुनक कन्हा पऽ होयत।
आओर हुनक नाम अदभुत
युक्ति करअ वला, पराक्रमी
परमेश्वर आओर अनन्त कालक
पिता, आओर शांतिक राजकुमार
होयत“। यशायाह एहि बातक
लऽ कऽ पूरा रिति सँ आस्वस्थ
छलाह जे परमेश्वरक वाचा जरूर
सत होयत, ओ जेना बाएजने
रहैथि ओहि तरहें ई घटना
घटल। एहि बातक भविष्यवाणी
कहल जाएत अछि।
17


यशायाह बाएजलिन जे “मशायाह“
महान होयताह अऽ महान काजक
करताह। परमेश्वर यशायाह सँ
कहलिन अपन लोकक बाएज
दियोंन जे ओ अपन लोकक लेल
दुःख उठौताह आओर एहि कारणें
हुनक मृत्यु भऽ जएतिन।
18


यशायाह जरूर एहि बातक जानि कऽ अचरज में पड़ल
होयताह जे कोनाक ओ सामर्थी आओर महान होयथिंन्ह अऽ
कमजोर आओर घायल भी करल जएथिंन्ह। मुदा यशायाह
परमेश्वर संगे कोनो बहस नहि करलखिंन्ह ओ बस ओहि
बातक दोहरिया देलखिंन्ह जे हुनका
बाएजबाक लेल कहल गेल रहिंन।
परमेश्वर जरूर अपन भविष्यवाणीक
सच साबित करथिंन्ह।
19


“मशायाह“ मात्र यहूदी लोकक लेल नहि आएब रहल छलाह।
परमेश्वर यशायाह सँ कहलिन ओ गैर यहूदीक लेल अऽ
समस्त लोकक लेल ईजोत बनि कऽ आएब रहल छथि ।“
गैर यहूदी ओ लोक सभ छथि जे सम्पूर्ण संसार में पसरल
छथि अऽ दुनियाक कोना कोना में छथि। अर्थात जे यहूदी
नहि छथि ओ सभ परमेश्वर सभ सँ प्रेम करैत छथिंन्ह
आओर हुनक मशायाह आएब कऽ लेल उद्धार लऽ
कऽ आएब रहल छथि धरतीक आखीरी छोट धरि।
20

## यशायाह, भविष्यवक्ता देखैत छथि


**परमेश्वरक ब्द द्वारा ई खिस्सा बाइबिल**

**अहाँक द्ब**

यशायाह 1, 6, 7, 9, 53

*ऋ्का क और प्रवे करवैत अछि।*
*भजन संहिता* 119:130






27 60



इ बाइबिल के कथा हमरा सब कऽ लेल बहुत अदभुत और आश्चर्य
जनक अछि परम पिता परमेश्वर के वास्ते बता रहल अछि। जाहिमे हमरा सब के
बनौने छथि। आउर आ ओ चाहेत छैथ कि हम सब हुनका जानैत रही समझैत रही।

परमेश्वर यानि ईश्वर बुझैत छैथ कि अपने ल¨कनिक नीक काम वा खराब काम कयने
छी। जाहिमे पाप आ पुण्य ह¨यत अछि। जाहिमे पाप के सजा मृत्यु ह¨इत अछि। लेकिन
ईश्वर तऽ सबस प्रेम करैतऽ छथि एहिलेल ओ अपन संतान,यीु के एहि जन्मभुमि पर पठौने
छथि ताहि वास्ते हुनका पाप के खातिर हुनकुली (फाँसी) पर चढाअ¨ल जाए। आओर
हुनका रीर त्याग करऽ परलैनि। आओर अ¨ फेर द¨सर जन्म स्वग सि ारि
गेलाह। आहाँ सब यदि यीु यानि ईश्वर मे श्रद्रा राखैत छी विश्वास अछि तऽ हुनका
सऽ प्रार्थना करु मा याचना करु तखने ओ अहाँ मे अहाँ हुनका मे लीन
रहब आओर हमे ा जिबैतरहब।

अपने ल¨कनिक विश्वास राखैत छी।ई ईश्वर सत्य छैथ तऽ परमेश्वरसऽ बताबियौन।

प्रिय यीशु आहाँ पर हमरा विश्वास अछि श्रद्रा अछि। कि अहाँ हमर प्रभु परम पिता परमेश्वर
छी हमर पाप के वास्ते अहाँ मनुष्य रुप ारन कऽ के रीर त्याग करऽ परल आओर पुन:यानि
फेर सऽ जिवित भ गेलाह कृपा कऽ के हमर जीवन मे आउ। हमरा सबके पाप सऽ मुक्त
कऽ दिय पाप सऽ मा कयल जाउ। जाहिमे नया तरीका सऽ अपन जीवन यापन चालु करब
वा एक दिन अहाँ सबके साथ सदा कऽ लेल स्वर्ग जा सकु। हे प्रभु है ईश्वर (यीु) हमरा
सब पर दया करु कि हम अहाँ के आज्ञा के पालन कऽ सकी आओर अपने सन्तान बनि
कऽ जीवैत जीऊ, आमीन।

ई कथा बाइबिल के सबदिन पढु और परमेश्वर अमीन यहुला सऽ
बातचीत करैत रहु। यहुन्ना 3:16